


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta proses anu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun pasualan-pasualan panalungtikan. Ieu prosés téh ngawengku studi pustaka, ngumpulkeun data, jeung nyieun laporan panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif, kalayan métode déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 28) desain panalungtikan dina kualitatif sipatna leuwih fléksibel kalayan léngkah jeung hasil panalungtikanana teu bisa dipastikeun saméméhna. Desain panalungtikan anu digunakeun pikeun nganalisis *Wawacan Jayalalana* ditilik tina struktur jeung étnopédagogik bisa digambarkeun saperti bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data

Sumber data nya éta hiji hal anu dipaké salaku sumber pikeun meunangkeun data. Ku kituna, anu dimaksud ku sumber data panalungtikan nya éta sagala hal anu jadi sumber pikeun meunangkeun data anu dibutuhkeun dina panalungtikan anu dilaksanakeun. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data dina panalungtikan bisa dibagi kana tilu jenis, nya éta *person* (jalma), *place* (tempat), jeung *paper* (kertas).

Nilik kana babagian sumber data anu geus disebutkeun, bisa ditangtukeun yén sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kaasup kana *paper* (kertas), sabab sumber tina data anu jadi objék panalungtikanana mangrupa téks *Wawacan Jayalalana*, anu ditalungtik ngaliwatan tilikan struktural jeung étnopédagogik.

Wawacan Jayalalana anu ditalungtik ngajanggélék dina wangun buku, anu dipedalkeun ku Departemen Pendidikan dan Kebudayaan RI dina taun 1996/1997. Anu nyusun ieu buku nya éta Aam Masduki, Nandang Rusnandar, jeung Lina Herlinawati. Ieu buku téh mangrupa hasil proyék dina raraga ngaguar ajén-inajén lokal anu aya dina carita-carita heubeul di Indonésia.

Eusi buku tina *Wawacan Jayalalana* ngawengku bubuka, alih aksara jeung alih basa, kajian, rélevansi jeung peranan, sarta kacindekan jeung saran. Dina ieu buku, lian ti mangrupa transkripsi tina naskah aslina anu maké aksara Sunda-Mataram kana aksara latén, tapi ogé aya téks tarjamahan kana basa Indonésia. Tapi, anu ditalungtik dina ieu panalungtikan diwatesanan kana téks carita wawacan anu maké basa Sunda. *Wawacan Jayalalana* diwangun ku sabelas pupuh, nya éta (1) asmarandana, (2) balakbak, (3) dangdanggula, (4) durma, (5) kinanti, (6) magatru, (7) maskumambang, (8) mijil, (9) pangkur, (10) pucung, jeung (11) sinom. Jumlah pada anu ditulis dina buku nya éta 1.247, tapi sanggeus dibaca katitén ayana kasalahan dina nganomeranana. Sanggeus diitung deui, pada anu aya dina ieu wawacan jumlahna 1.243, hartina kurang tilu pada.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Dina *Kamus Umum Bahasa Indonésia*, Poerwadarminta ngahartikeun yén instrumén nya éta alat atawa pakakas (1984, kc. 383). Tina harti kamus, bisa dicindekkeun yén instrumén panalungtikan nya éta alat anu dipaké dina panalungtikan, salaku alat pikeun ngumpulkeun data. Hal ieu luyu jeung pamadegan Arikunto (2010, kc. 203), anu nétélakeun yén instrumén panalungtikan nya éta fasilitas anu dipaké ku nu nulis, dina raraga ngumpulkeun data sangkan leuwih babari dina ngolahna.

Ku lantaran ieu panalungtikan mangrupa analisis téks, ku kituna mikabutuh instrumén anu fungsina pikeun ngadata hal- hal anu aya patalina jeung

masalah panalungtikan. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Ngaliwatan kartu data, prosés pikeun ngawilah-wilah data anu aya dina téks carita bakal leuwih gampang dilaksanakeun. Kartu data dina ieu panalungtikan, dipaké pikeun nganalisis struktur formal, struktur naratif jeung étnopédagogik dina *Wawacan Jayalalana*. Sangkan leuwih jéntré, di handap ieu baris digambarkeun conto kartu data.

Tabél 3.1 Conto Format Data Analisis Struktur Formal dina *Wawacan Jayalalana*

No	Ngaran Pupuh	Pada	Cutatan Pada/Padalisan	Guru Wilangan & Guru Lagu	Sasmita	Watek
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

Lian ti analisis di luhur, aya ogé tabél kasalahan patokan pupuh saperti anu digambarkeun di handap.

Tabél 3.2 Conto Format Data Kasalahan Guru Wilangan jeung Guru Lagu dina *Wawacan Jayalalana*

No	Ngaran Pupuh	Pada	Cutatan Pada/Padalisan	Guru Wilangan & Guru Lagu	Keterangan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)

Analisis struktur naratif tina *Wawacan Jayalalana* ngawengku galur, palaku, latar, motif, jeung téma carita. Conto tina format data analisis struktur naratif *Wawacan Jayalalana* bisa katitén dina bagan ieu di handap.

Tabél 3.3 Conto Format Data Analisis Latar dina *Wawacan Jayalalana*.

No	Latar	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)

Ajén étnopédagogik anu dianalisis dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan moral kamanusaan. Ieu moral kamanusaan téh ngawengku genep aspék, nya éta moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka manusa, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngudag kasugemaan lahir jeung batin.

**Tabél 3.4 Format Data Analisis Étnopédagogik
dina Wawancara Jayalalana**

No	Indikator	Palaku	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

3.4 Téhnik Panalungtikan

Nurutkeun Poerwadarminta (1984, kc. 1.035), téhnik atawa téknik nya éta pangaweruh jeung kapinteran dina nyieun hiji hal atawa cara dina nyieun hiji hal. Patalina antara téhnik jeung panalungtikan, leuwih deukeut kana harti anu kadua, nya éta téhnik salaku cara. Jadi, bisa dicindekkeun yén téhnik panalungtikan nya éta cara-cara anu dilakukeun dina prosés panalungtikan. Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku dua tahapan, anu kahiji nya éta ngumpulkeun data jeung anu kadua nya éta analisis data.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téknik studi pustaka. Nurutkeun Suyatna (2002, kc. 19), téhnik studi pustaka nya éta téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun tiori-tiori pikeun bahan tulisan, anu mangrupa papagon dina panalungtikan. Anapon tiori-tiori anu baris dikumpulkeun dina ieu panalungtikan nya éta tiori ngeunaan wawancara, struktural jeung étnopédagogik.

Léngkah-léngkah téhnik studi pustaka dina ieu panalungtikan, ngawengku:

- 1) Maca *Wawancara Jayalalana*;
- 2) Nyirian struktur formal jeung struktur naratif dina *Wawancara Jayalalana*;

- 3) Nyirian data anu aya patalina jeung ajén étnopédagogik dina *Wawacan Jayalalana*; jeung
- 4) Ngasupkeun data anu geus dicirian kana kartu data.

3.4.2 Téhnik Analisis Data

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 245-253), analisis data kualitatif sipatna induktif, hartina data anu dicangking tuluy dimekarkeun jadi hipotésis. Aya sawatara léngkah anu dilakukeun dina nganalisis datana, nya éta *data reduction*, *data display*, jeung *conclusion drawing* atawa *verification*.

Réduksi data nya éta ngumpulkeun jeung milihan data anu penting pikeun ngaguar eusi. Sanggeus kitu, data anu geus dipasing-pasing satuluyna bisa dipidangkeun ngaliwatan sababaraha cara, saperti dina wangun pedaran, bagan, patalina antar kategori, jrrd. Ieu prosés téh disebut midangkeun data atawa *data display*. Léngkah anu pamungkas nya éta kacindekan jeung vérifikasi. Hasil tina data anu geus dipidangkeun tuluy dianalisis, pikeun meunangkeun kacindekan. Ieu kacindekan téh mangrupa hasil pikeun ngajawab patalétak-patalékan anu aya dina rumusan masalah.

Dumasar kana pedaran di luhur, téhnik analisis *Wawacan Jayalalana* bisa katitén saperti ieu di handap.

- 1) Panalungtik maca *Wawacan Jayalalana*;
- 2) Hasil maca dianalisis, tur diklasifikasikeun dumasar struktural jeung ajén étnopédagogikna;
- 3) Hasil analisis ditulis dina kartu data;
- 4) Kartu data disusun dina tabél; jeung
- 5) Nyieun kacindekan tina data anu geus dianalisis.